



CITY OF BOSTON • MASSACHUSETTS

OFFICE OF THE MAYOR
MARTIN J. WALSH

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston,

Pa gen lontan mwen te anonse yon investisman 10 an pou 1 bilyon dola pou edifis ak sal klas Lekòl Piblik Boston yo. Lekòl Boston yo fin ansyen. Pwofesè nou yo, direktè nou yo, ak pèsonèl nou yo travay darachpye avèk kreyativite pou yo mentni yo etan anviwonman aprantisaj k ap bay elèv yo sipò. Men verite a se ke, 65 pousan nan 127 lekòl Boston yo te konstwi avan Dezyèm Gè Mondyal la, e mwens ke mwatye nan lekòl sila yo te renouvle konplètman, epi sa evidan. Nan tan sa a, nou bati yon otowout pa anlè, aprè sa nou debati li, epi nou antere l nan yon tinèl nan sant vil la. Nou ta dwe kapab konstwi kèk gran lekòl. Se yo ki se pi gwo investisman nou pou lavni a.

Se pou rezon sa a, nou t ape reyini opinyon kominote a ak enfòmasyon solid sou bezwen edifis lekòl nou yo – epi nou t ape imajine nouvo posibilite pou lavni a. Nou mete tout sa nan **BuildBPS (BatiBPS)**, gwo plan 10 an nou genyen an pou zafè edikasyon ak enstalasyon, ke nou dewoule ofisyèlman jounen jodi a. Pou aprann plis enfòmasyon, tanpri vizite nouvo sit entènèt la nan BuildBPS.org.

BuildBPS va transfòme fason nou planifye, konstwi, e refè enstalasyon lekòl nou yo. Anplis: li va mete a dispozisyon nou tout sa nou bezwen pou n prepare elèv yo pou yo reyisi nan 21èm syèk la. Nou pap sèlman kreye lekòl modèn, men n a pral kreye espas fleksib ki va pèmèt distri nou an atenn nouvo potansyèl etan Vil la ak monn la ap evolye.

Pwochèn faz nan BuildBPS mande pou yon angajman pwofon e kontinyèl. Build BPS se yon dokiman vivan. N a pral bati sou konesans, kreyativite ak devouman kominote lekòl nou yo pou n re-imajine e renouvle enfrastrikti lekòl piblik Boston yo. Ansanm n a va planifye e bati yon nouvo epòk egalite ak ekselans nan lekòl Boston yo.

Sensè salitasyon,

Martin J. Walsh, Majistra